

SOLAR POWERED PRODUCTIVE USE APPLIANCES

Improving Your Profit and Livelihood

Wetin be

machine wey fit work well with solar energy?

Na machine wey dey use solar energy to dey do work so e go make d work sweet, easy, fast and e dey save moni well well for we community. Examples of dese machines na graters, millers, threshers, blenders, irrigation pumps, refrigerators, sewing machines, barbing kits, televisions plus others wey mouth no fit talk.

Why e be say solar dey good to use for work wey dem dey use produce something?



E dey save time and pesin power

E dey take pesin six or seven hours to use hand and leg turn palm kernel to palm oil so dem go fit sell am. But if na small small work machine wey dey use solar dat same work go take like two–three hours to finish am comot d palm oil so pesin go get time go do oda beta tins for dem sef.



E dey clean and e good for body

D light wey dis mini-grid dem dey give dey clean, e no dey bring smoke and e no dey affect body, like all dis smoke when diesel or petrol generator dey blow wey dey affect body and make pesin sick.



E dey save moni


Women wey dey do wetin Oyibo dey call grating, milling, irrigation and cold storage all d tins wey dey help crops dem for farm. Dese women for village go need diesel or petrol take run dem engine. As tins come be, diesel moni don go up reach like 4 times the moni before to take get electricity, but moni for solar still dey as e dey. Meanwhile solar still dey provide energy wey dey cheaper for pesin to power dia machine to take do dia work.

How pesin fit get all dis machine for work?


3 ways dey wey pesin fit take get dese machine for dia work or turn d one wey dey use petrol or diesel before d one wey dey use solar.

You fit get am through:

1. D pesin wey dey build d solar electricity generator wey dem dey call mini-grid
2. D cooperative wey una dey do for d community
3. Bank and microfinance banks dem wey dey support dis kain work



You got fit do dis tins so you go get dese machines for work



This guide was developed by Power Africa in collaboration with the Nigeria Rural Electrification Agency. Power Africa is a U.S. government-led partnership that brings together the collective resources of over 170 public and private sector partners to double access to electricity in sub-Saharan Africa. Power Africa's goal is to add more than 30,000 megawatts (MW) of new electricity generation capacity and connect 60 million new homes and businesses to power by 2030.

REA through the World Bank - AFDB funded Nigeria Electrification Program (NEP) is providing Productive Use Equipment (PUE) subsidies to developers working in these rural communities to improve the uptake of these appliances.

Contact REA for more information related to PUEs in your area at:

Email: info@rea.gov.ng | Phone: +234 803 7480413